

Mwen gen sentòm, kisa mwen ta dwe fè?



Collaboratory for
Health Justice

COVID-19 se yon maladi respiratwa, epi sentòm ki pi komen yo se lafyè, tous ak souf kout. Sentòm sa yo ka paret nenpòt lè komanse nan 2 jou rive nan 14 jou apre ou te ekspoze a maladi a. Pa gen okenn tretman oswa gerizon pou COVID-19. Pou pifò moun, maladi a jeneralman modere oswa li pa aji fò, epi yo ka jere li san danje lakay yo. Li rekòmande pou fè tès sèlman pou moun ki gen pi gwo risk pou maladi grav, tankou moun ki gen plis pase 60 lane oswa ki gen kondisyon medikal kwonik. Tout moun, kèlkeswa sentòm yo, ta dwe pratike distans sosyal ak bon liyèn avek men yo.

